

BIDJÈ PATISIPATIF VIL BOSTON

REZIME EGZEKITIF

KISA BIDJÈ PATISIPATIF YE?

Bidjè Patisipatif (PB, an anglè) se yon pwosesis demokratik kote manm kominote yo dirèkteman deside kijan pou yo depanse yon pati nan yon bidjè piblik. Bidjè Patisipatif se yon pratik ki kapab ranfòse demokrasi, bati kominote ki pi solid epi sipòte distribisyon resous piblik ki pi ekitab. Plizyè vil nan peyi Etazini, tankou Nouyòk, Chicago, Durham, Cambridge ak Somerville, te adopte epi aplike pwosesis PB pou ogmante angajman sivik ak bidjetè nan mitan rezidan vil yo.

BIDJÈ PATISIPATIF NAN BOSTON

Nan sezon pretan 2023, yon [Òdonans](#) te kreye Biwo Bidjè Patisipatif (OPB, an anglè). Misyon Biwo a se pou bay yon pwèn dantre ofisyèl pou rezidan Boston pou yo kapab mete men nan pwosesis bidjè vil la. Pandan sik anyèl PB yo, Biwo a ankouraje piblik la fè pwomosyon pou pwojè kominotè ki soutni egalite sosyal ak rasyal.

Pandan dezyèm sik Ideas in Action, Pwosesis PB Boston yo, Bostonyen yo pral pran yon wòl aktif nan idantifye, fòme epi priyorize lide pwojè pou abòde bezwen lokal yo pandan y ap mete men pou kreye bidjè anyèl vil la. Rezidan yo ap travay men nan men ak Biwo Bidjè Patisipatif la, Administrasyon Sipèvisyon Ekstèn li an, Depatman minisipal ki konsène yo ansanm ak òganizasyon kominotè pou ede detèmine si lide pwojè kominote yo te lanse yo valab epi fezab.

OPB ansanm ak Administrasyon li an te kreye yon “[Règleman sou Bidjè Patisipatif](#)” pou bay yon kad ansanm ak yon varyete règ ak operasyon ki sèvi kòm estanda pou inisyativ sa a nan Boston.

IMAJ 1: KALANDRIYE PWOSESIS PB AK DAT SIK PB POU 2025 - 2026



KILÈ AK KI JAN POU ANGAJE NAN IDEAS IN ACTION, PWOSESIS PB BOSTON!



RANMASE
LIDE
(Jiyè 2025)

Rezidan Boston yo ap gen plizyè wout pou pataje lide pwojè yo devan Biwo Bidjè Patisipatif la. Nan mwa jiyè, Ideas in Action ap mete sou pye yon Kanpay nan tout vil la pou ranmase lide, kanpay sa a ap aksesib ak tout rezidan Boston. Ou kapab soumèt lide yo atravè yon Pòtay PB anliy, yon liy telefòn PB, an pèsòn nan branch bibliyotèk Piblik yo epi nan

Lameri, epi nan evènman yo prepare an patenarya ak òganizasyon kominotè yo.

Kondisyon ak Kritè Pwojè yo

Pwosesis PB yo mete priyorite sou lide pwojè ki ranfòse kapasite kolektif sou pwoblèm jistis sosyal ak rasyal. Rezidan vil Boston kapab soumèt lide pwojè yo, kèlkeswa laj yo, epi pwojè yo dwe ranpli kondisyon sa yo:

- Yo limite pwojè yo pou yo depans ki fèt yon fwa sèlman, epi pwojè yo pa debouche sou pòs travay pèmanan;
- Yo kapab enkli nan pwopozisyon pwojè yo pwogram ansanm ak sèvis, yo ka enkli enfraestrikti fizik, amelyorasyon teknoloji ansanm ak amelyorasyon kominotè sou pwopriyete piblik vil la.
 - ▶ Enfraestrikti pwojè ki sou pwopriyete prive, leta oswa federal pa ranpli kondisyon yo, tankou pwojè ki konsène Depatman Konsèvasyon ak Lwazi (DCR, an anglè) oswa Otorite Transpò Bè nan Massachusetts (MBTA, an anglè).
 - ▶ Lide pwojè ki gen pou wè ak pwogram oswa sèvis ki souetablisman ki pa pou vil la elijib.
- Lide pwojè yo dwe fezab pou mete sou pye, epi yo dwe respekte politik, lwa, règleman vil la epi ak Òdonans Bidjè Patisipatif la; epi
- Depatman oswa ajans minisipal konsène ki resevwa kredi bidjetè dirèk yo ki dwe mete pwojè yo sou pye oswa jere pwojè yo.

Egzanp lide ki elijib: Pwogram pou ranfòse sante mantal pou jèn Boston yo; Elaji rezo Wicked Free WiFi vil la pou kapab rive sou plis zòn ki p ap touche anpil kòb; Klas alfabetizasyon dijital pou sitwayen ki granmoun pou aprann yo nouvo konpetans epi pou ankouraje koneksyon sosyal; Amelyore espas piblik atravè pwojè enfraestrikti (atizay piblik, pyebwa nan lari, ban, elatriye). Ogmante aksè pou jwenn manje ki fre epi ki bon pou santre atravè pwogram òganizasyon lokal yo jere pou jaden kominotè oswa frijidè kominotè.

Egzanp lide ki pa elijib: Peye yon anplwaye piblik salè pou bay sèvis; Repare oswa amelyore yon batiman ki se pwopriyete prive; Ede yon òganizasyon pou renove yon espas li lwe nan men yon mèt kay; Ede yon enstitisyon relijye repare sanktyè l; Ogmante frekans bis ak tren MBTA yo; Ogmante siveyans, siveyans lapolis epi/oswa lòt mezi ki gen yon enpak negatif epi demezire sou rezidan yo.





DEVELOPMAN
PWOPOZISYON
(Okt. - Des. 2025)

OPB ap òganize yon valè fowòm pou rezidan yo kapab angaje ak Depatman minisipal ki konsène yo pou revize, diskite epi etidye fezabilite ansanm ak enpak lide pwojè yo soumèt yo. Atravè pwosesis sa a, moun ki patisipe nan fowòm yo pral ekri deklarasyon pou defini jiska 15 pwopozisyon pou moun vote. Pou rezidan ki pa kapab patisipe nan fowòm sa yo, y ap mete yon opsyon anliy disponib pou yo kapab pataje kòmantè.

OPB ak Administrasyon an ap finalize yon bilten vòt PB ki gen jiska 15 deklarasyon pwopozisyon rezidan yo te fin ekri yo. Y ap revize epi y ap konsidere kòmantè anliy ki apwopriye yo. Biwo a ansanm ak Depatman minisipal ki konsène yo ap fè yon evalyasyon final pou etidye fezabilite a, epi pral detèmine yon estimasyon an dola pou chak pwopozisyon yo.



VOTE,
FINANSÈ EPI
METE PWOJÈ
SOU PYE
(Jan. 2026 -)

Vòt pou pwopozisyon Bidjè Patisipatif la ap fè anliy epi an pèsòn. Sou bilten vòt PB yo, rezidan Boston ki gen 11 lane (oswa ki nan 6zyèm lane) oswa ki pi gran ap kapab chwazi senk (5) nan yon maksimòm 15 pwopozisyon, chak ap gen estimasyon an dola. Pwopozisyon ki gen plis vòt la ap resevwa yon prim k ap rive jiska limit finansman yo tabli pou sik PB sa a. Vil la ansanm ak OPB ap anonse pwopozisyon

ki genyen an ansanm ak rezilta final vòt yo. OPB ansanm ak Depatman minisipal yo ap siveye enplemantasyon pwojè yo.



KONTAKTE BIWO BIDJÈ PATISIPATIF

W ap chèche fason pou patisipe nan Ideas in Action? Tanpri kontakte Biwo Bidjè Patisipatif la!

Sitwèb: www.boston.gov/participate

Imèl: pb@boston.gov

